


SISTÈM LEKÒL AN FRANS

SOTI LEKÒL PRIMÈ RIVE ANSÈYMAN SEGONDÈ



Nou kontan wè w lekòl elemantè!



CASNAV (Sant Akademik pou Eskolarizasyon zanfan ki fèk rive, ki pa pale lang peyi a epi pou timoun fanmi vwayajè)

Welcome
Kontan vwè zòt
Bienvenidos

Ki òbjektif ?

Edike pou nou viv ansanm
Enstwi pou konprann epi aji
Pèmèt chak moun ale pi lwen



Dokiman pou paran zelèv ki fèk rive Gwadeloup e ki pale kreyòl

Ki etap pou rantre lekòl ?

Nan lekòl la

- **Etap n°1:** Fè yon demann enskripsyon nan meri kote ou rete a
- **Etap n°2:** Tès pou pozisyon elèv la nan lekòl la.
- **Etap n°3:** Selon rezilta tès la : soutyen (FLE, FLSco) ak yon pwofesè.

Nan sistèm franse a paran yo konsidere tankou patnè pou edikasyon timoun yo.

Ki wòl yon paran timoun lekòl ?

Ou kapab :

- Di sa ou panse (elèksyon paran zelèv)
- Rankontre pwofesè –yo (avèk yon entèprèt si ou pa pale franse)
- Di ki chwa oryantasyon ou ta renmen

Ou dwe :

- Konnen krèy règ lekòl la
- Kenbe yon anbyans respè pou yonn ak lòt avèk tout ekip la (pwofesè, sèvis santé, elatriye...)
- Veye pou timoun ou toujou ale lekòl epi pou li rive alè.
- Verifye travay lekòl la (leson, ègzèsis, liv nòt yo)
- Veye pou timoun ou toujou byen prezante (rad li, ijyèn)
- Patisipe nan reyinyon paran pwofesè yo



Ki moun ki kab ede w ?

Pedagoji ak konpòtman

- Direktè oswa dirèktris lékòl la
- Mèt oswa metrès ki an chaj tout zelèv ki fèk rive e ki pa pale lang peyi a (UPE2A)
- Mèt oswa metrès klas élèv la prale a
- Sikològ lekòl la
 - Rezo èd la
- Asistan Sosyal la
 - Medsen (doktè) lekòl la
- Enfimyè a

Oryantasyon

- Ekip pedagojik la ki konpoze ak pwofesè lekòl la
- Ekip edikatif la pou sitiyasyon patikilyè yo

Enfòmasyon

- **C.A.S.N.A.V.** (Sant Akamik pou eskolarizasyon zanfan ki fèk rive, ki pa pale lang peyi a epi pou zanfan fanmi vwayajè) Tél. : 0590 215 962
- **Lameri** kote ou rete pou **Pwojè edikatif teritoryal**
- **Federasyon paran zelèv yo** patikilyèman asosiyasyon paran lekòl la
- **Asosiyasyon pou fanmi** tankou **A.S.P.R.O.F.A.** (Asosiyasyon pou pwomosyon Fanmi)
- **R.E.A.A.P** (Rezo pou koute, Apiye epi Akonpaye Paran yo)
- **F.O.R.C.E.S** (Federasyon fanm pou òganizasyon ak revalorizasyon nan domèn kiltirèl ekonomik ak sosyal)